



Pou Piblikasyon Imedya: 9/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 3.7 MILYON DOLA POU POTE  
FABRIKASYON AK PWODUI TEKNOLOJI KLIMATIK NAN ETA NEW YORK  
ATRAVÈ PWOGRAM M-CORPS**

*Pwogram nan pral konekte jèn antrepriz yo ak patnè chèn apwovizyonman lokal  
yo pou mete a gran echèl teknoloji klimatik yo*

*Sipòte objektif Lwa sou Klima a pou redui emisyon gaz a efè sè yo nan 85 pousan  
disi 2050*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 3.7 milyon dola pou pote teknoloji klimatik inovatè oswa fabrikasyon ak pwodui teknoloji klimatik nan Eta New York. Pwogram M-Corps la pral konekte jèn antrepriz yo k ap ogmante machandiz ki diminye gaz a efè sè oswa diminye konsomasyon enèji avèk patnè chèn apwovizyonman lokal yo, fabrikan yo, ak founisè yo pandan l ap priorize koneksyon nan kominote defavorize yo. Anons sa a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a ki enpòtann nan peyi a pou redui emisyon kabòn nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo disi 2050.

"Antanke yon lidè klimatik, New York ap travay yon fason agresif avèk konpayi ki kapab pote nouvo teknoloji sou tab la pandan n ap travay pou diminye emisyon gaz a efè sè ak atenn objektif klimatik anbisye nou yo". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ sa a pral atire konpayi yo pou yo rantre nan ekonomi vèt k ap grandi nou an epi konekte yo ak enstalasyon fabrikasyon atravè eta a, ki gen ladan sa ki nan zòn defavorize yo, pou sipòte opòtinite ekonomik ak chèn apwovizyonman lokal yo pandan n ap kontinye travay nou pou adrese chanjman klimatik ki devan nou".

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pral chwazi yon administratè pwogram nan yon fason konpetitif pou travay avèk NYSERDA pou gide jèn antrepriz yo atravè desizyon kle ki gen rapò ak pwosesis devlopman fabrikasyon an. Administratè a pral fasilite relasyon ak patenarya nan chèn apwovizyonman, bay sipò operasyonèl ak pwogramasyon pou jèn antrepriz teknoloji klimatik yo epi konekte yo ak resous lokal yo. Yo pral bay administratè pwogram nan jiska 3.7 milyon dola nan finansman pou ede pote nouvo pwodui sou mache a avèk siksè.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Konekte inovatè mondyal yo ak resous Eta New York bay antreprenè yo sipò pou chanje jwèt ki ka fè avanse rezistans klimatik ak enèji pwòp. Ede konpayi yo simonte baryè mache yo nan fabrikasyon ouvri wout pou siksè epi yo ka ogmante kantite pwodui dirab ki disponib pou konsomatè yo, kidonk sa k ap diminye emisyon danjere yo".

**Komisè Komisyon Fonksyon Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pou pwoteje ak amelyore anviwònman nou an inebranlab. Pandan n ap gade objektif rijid CLCPA etabli yo, pwogram tankou M-Corps pral jwe yon wòl kle nan kreye yon mendèv enèji pwòp nan Eta New York".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Pwogram M-Corps NYSERDA a pral ede Eta New York atenn objektif klimatik anbisye li yo atravè inovasyon ak ekite. Nan mete ansanm jèn antrepriz teknoloji klimatik yo, patnè lokal yo, ak priyore kominote defavorize yo, efò sa yo pral benefisyè anviwònman an epi konstwi ekonomi vèt nou an.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Kòm Ko-prezidan Konsèy sou Aksyon Klimatik la, mwen fyè pou m kontinye travay ak Gouvènè Hochul pou aplike inisyativ revolisyonè ki pral atire konpayi yo nan ekonomi vèt nou ki enpòtan nan peyi a. Finansman sa a pral ede ankouraje kwasans ekonomik atravè Eta New York epi pote karyè ekoljik, ki byen peye pou Nouyòkè yo pandan sa ap pwoteje planèt nou an".

NYSERDA pral aksepte [aplikasyon](#) nan men òganizasyon ki kalifye yo jiska 4 janvyè 2023. Aplikan yo dwe demontre ekspètiz nan materyèl teknoloji klimatik ak komèsyalizasyon jèn antrepriz yo epi yo dwe gen konesans lokal sou Eta New York ak relasyon avèk fabrikasyon ak founisè yo nan New York. Pou plis enfòmasyon, enskri pou [webinè](#) k ap fèt nan dat 30 novanm 2022 a 1:00 pm ET.

Pwogram sa a ranplase vèsyon anvan ke NYSERDA te sipòte nan pwogram M-Corps la. Depi 2017, Pwogram NYSERDA pou komèsyalize teknoloji te envesti 107 milyon dola epi sipòte prèske 500 kliyan, sa ki lakòz plis pase 2,200 djòb, 1.6 milya dola nan investisman prive ak piblik, 600 milyon dola nan revni konpayi ki nouvo, ak 300 pwodui komèsyalize. Anplis de sa, pwogram teknoloji M-Corps yo te travay nan tèt kole ak plis pase 50 konpayi nan kowòt la ki, pandan kat ane sa yo, te rasanble plis pase 400 milyon dola nan kapital epi te touche plis pase 30 milyon dola kòm revni.

Finansman pou inisyativ sa a fèt atravè Fon pou Enèji Pwòp 5.3 milya sou 10 ane Eta a. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekite nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli

anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418